# САБЫР КАМАЛОВ МИЙНЕТЛЕРИНДЕ ХАЛЫҚЛАР ДОСЛЫҒЫ ТЕМАСЫНЫҢ ҮЙРЕНИЛИЎИ

**Муратбаева А.Б.**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты таяныш докторанты*

Әсирлер даўамында қазақ, өзбек, түркмен, қырғыз, тәжик ҳәм қарақалпақ халықлары туўысқанлық қатнасықларда аўызбиршиликли жасап келген. Бул халықлар жасайтуғын аймақ түрли дәўирлерде Туран, Түркстан, Орта Азия ҳәм Орайлық Азия деген атамалар менен аталыўына қарамастан халықлардың тарийхы, диний көзқараслары, тили ҳәм мәденияты бир-бирине жүдә жақын есапланады. Буған мысал сыпатында олар бир-бириниң сөзлерин ҳешқандай тил аўдармашы жәрдемисиз түсинетуғынлығын айтсақ болады. Бул руўхый, психологиялық ҳәм идеалогиялық жақынлық нәтийжесинде халықлар бир-бири менен дослық қатнасықларда болды. Президентимиз Ш.М.Мирзиёев айтып өткениндей, “Бизиң регионымыз халықларын мың жыллық туўысқанлық ҳәм жақсы қоңсышылық қатнасықлары байланыстырып турады. Бизди тарийх, дин, улыўмалық мәдeният ҳәм дәстүрлер бирлестиреди” [Мирзиёев Ш.М., 2018. – 264].

Түркстан халықлары әсирлер даўамында бир-бири менен саўда, экономикалық ҳәм мәдений байланыста болып келген. Бул дослық қатнасықлары тарийхы қарақалпақстанлы тарийхшылардан С.Камалов мийнетлеринде биринишилерден болып изертленди. Атап айтқанда, илимпаздың 1961-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик баспасында шығарылған "Хорезм оазиси халықларының дослығы ҳаққында" атлы мийнети бул темадағы ең дәслепки мийнетлерден бириеди. Онда Хорезм оазисинде жасаўшы халықлардың XIX-XX әсирлердеги сиясий, экономикалық ҳәм мәдений байланыслары тарийхый көзқарастан изертленди.

С.Камаловтың жоқарыда тилге алынған мийнетинде Орайлық Азияда жасаўшы халықлардың туўысқанлық қатнасықларының тамыры тереңде екенлиги илимий тийкарлап берилди. Әсиресе, қарақалпақлар арасында Жайылған ҳәм Сейилхан деген еки ағайинли жигитлер болғанлығы, олардың бири қарақалпақлардың ҳәм екиншиси түркменлердиң ата-бабалары болғанлығы, сондай-ақ, өзбек халқын қарақалпақлар «өз ағам» деп есаплағанлығы ҳаққындағы халық аўызеки дөретпелери мысал сыпатында келтирилди. Ҳақыйқатында да, халықлардың тарийхый туўысқанлық қатнасықлары халық аўызеки дөретпелеринде жүдә жақсы сақланған.

Соның менен бирге, академиктиң бул мийнетинде Қарақалпақстан тарийхы илиминде биринишилерден болып дала жазыўлары тарийхый дерек сыпатында қолланылды. Қарақалпақстан аймағында жасаўшы қазақ миллети ўәкиллеринен бири Әбдикаримов Манабай информатор сыпатында қазақ ҳәм қарақалпақ халықларының туўысқанлық қатнасықлары бойынша жүдә әҳимийетли мағлыўматлар менен бөлисти. "Бизиң ата-бабаларымыз қарақалпақтың қолдаўлы урыўының ишинде бирге отырған. Олар қарақалпақлардың ишинде отырған қазақларды өзлериниң туўысқаны деп есаплаған. Қолдаўлының күйеўге шығып кеткен қызлары өз аўлында отырған қазақлардың үйлерине де төркинлеп келеди екен. Бизиң ата-бабаларымызды өзлериниң ата-бабаларындай көрген" [Камалов, 1961. – 8]. Бул пикирлер халықларымыз арасындағымиллетлер аралық татыўлық ҳәм дослық қатнасықларының ҳәр бир дәўирде өзине тән формада раўажланғанынан дерек береди.

Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақлардың қоңсы халықлар менен өз ара байланыслары ҳәм мәдений қарым-қатнаслары тарийхы узақ дәўирди өз ишине алады. Бул бағдарда илимпаз Сабыр Камалов мийнетлеринде қарақалпақлардың Орта Азия ҳәм Қазақстан халықлары менен сиясий, экономикалық ҳәм мәдений байланыслары дереклер тийкарында изертленген [Камалов, Уббиниязов, Кощанов, 1988]. Әсиресе, XVII әсирдиң бириниши ярымында қарақалпақлардың Башқуртстанға саўда қылыў мақсетинде көп барғанлығы, сондай-ақ, башқуртлар да ҳәр жылы өз топары менен бирге қарақалпақлар жерине келетуғынлығы, олар бул жерде бир ай яки үш ҳәпте болғанлығы ҳаққындағы мағлыўматлар келтирилди. Бунда итибар беретуғын нәрсе, саўда байланысларының раўажланыўы тек халықлардың экономикасын жоқарылатып ғана қоймастан, туўысқан халықлардың мәдений байланысларының және де жақынласыўына негиз жаратып берген. Бизге белгили, халықлар мәденияты ҳәм турмыс тәризи бир-бирине қаншели таныс болса, халықлар арасындағы дослық ҳәм туўысқанлық қатнаслары да соншели беккем болады.

Бүгинги күнде Қарақалпақстанда жасаўшы халық саны 2 008 781ди қурайтуғын болса, соннан 805596 ны өзбек миллети ўәкиллери, 734057 ни қарақалпақлар, 296695 ти қазақ миллети ўәкиллери, 107178 ди түркмен миллети ўәкиллери ҳәм 10038 ди рус миллети ўәкиллери қурайды.Көрип турғанымыздай өзбек, қарақалпақ, қазақ, түркмен ҳәм рус миллети ўәкиллери халықтың көпшилик бөлегин қурайды. Бул миллетлер арасындағы дослық ҳәм татыўлық қатнасларының беккемлениўи ҳәм раўажланыўында тарийхый туўысқанлық ҳәм дослық қатнаслары жүдә әҳмийетли есапланады. Усы көзқарастан академиктиң изертлеўлеринде бул халықлар арасындағы саўда байланысларының тарийхына итибар қаратылды. Мәселен, "қарақалпақлардың қазақлар менен болған саўдасы тийкарынан алмасыў характерине ийе болды. Қазақлар, мәселен, өзлериниң қойларын, жылқыларын ғәллеге алмастырып алып турған.

Қарақалпақ саўдагерлери Бухара, Хийўа саўдагерлериниң қазақ далаларында саўда жүргизиўинде дәл-дәлши ролин де аткарған ҳәм өзлери көп қалалардың саўдагерлери менен әдеўир саўда жүргизип отырған. Бухара ҳәм Хийўаға қара мал, аңның терилери шығарылып турылған". Сондай-ақ, "қарақалпақ саўдагерлери рус қалаларына да барып саўда еткен. Мәселен, 1722-жылы Россияға қаракалпақлардың мың түйеден ибарат кәрўан жибериўи, оларда саўданың жоқары дәрежеде болғанлығын көрсетеди" [Камалов, 1966. – 11]. Бунда саўда байланысларының халықлар мәденияты менен танысыў ҳәм интеграцияланыў процессине өзиниң унамлы тәсирин тийгизгенлигине итибар қаратылады.

Халықлар арасында дослық ҳәм туўысқанлық қатнасларының беккемлениўинде тил айрықша әҳмийетке ийе. Сабыр Камаловтың «Бамбери қарақалпақлар туўралы» мийнетинде де тилдиң халықлар дослығын беккемлеўдеги үлеси ҳаққында бирқатар мағлыўматлар ушырасады. Атап айтқанда, китапта венгриялы саяхатшы Вамберидиң тил үйрениўге оғада үлкен әҳмийет берген адам екенлиги тийкарындатилди адамзаттың өз ара қатнасында оғада үлкен ҳәм күшли қурал екенлигиатап өтиледи. Егерде бир миллеттин адамы екинши миллетиң ишине сол миллеттиң тилин олардың өзлериндей билип барса ҳәм олар менен бирге жасайтуғын болса, оны басқа халықтың ўәкили деп ҳеш ким айтпайды, оны өзимиз деп есаплайды, миллет шегарасы билинбей кетеди" [Камалов, 1995. – 8]. Инсанлардың бир-бири менен коммуникация қуралы есапланған тилдиң әҳимийети бүгинги күнимизде де халықларды досластырыўшы ҳәм жақынлатыўшылық характерге ийе есапланады.

Бурынғы аўқам дәўириндеги миллетлер аралық қатнасықлар ҳәм халықлар дослығы мәселесиниң өзине тән тәреплери бар. Дәслеп миллий белгисине қарап мәмлекетшиликти бериў сиясаты нәтийжесинде Түркстан халықлары бөлекленип тасланған болса, соңынан «совет халқы» деген түсиниклер пайда етилип, миллетлерди өзлигинен айырыўға ҳәрекетлер болды. Бул сиясаттың ҳеш қандай тийкарға ийе емес екенлиги ҳәм халықларды мәжбүрий түрде миллийлигинен айырыў жақсы нәтийжеге алып келмейтуғынын тарийхтың өзи дәлийлледи.

XX әсирдиң екинши ярымында дослық қатнаслар дәстүрий түс алып, белгили дәрежеде раўажланды. Миллетлер аралық татыўлық мәселеси мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилгени менен негизинде совет ҳәкимияты әмелиятында дурыс шешимин таппады. Себеби, көп миллетли совет мәмлекетинде рус халқы ҳәм мәденияты бирлемши есапланып, басқа халықлар тарийхы ҳәм миллий мийрасы аяқ асты етилди яки дыққат-итибарсыз қалды. Соған қарамастан, социалистлик мәдeният шеңберинде миллетлер аралық татыўлық ҳәм халықлар дослығы кеңнен үгит-нәсиятланып, ғалаба хабар қураллары, билимлендириў системасы ҳәм көркем-өнер арқалы жәмийетлик қатнасларда айтарлықтай орын алды. Мәселен, академик С.Камалов тәрепинен Қарақалпақстанның аўқамлас республикалар менен байланыслары, дослық қатнаслары ҳаққында бирқатар илимий мийнетлер жазылды.

Әсиресе, халықлардың дослық байланысларының раўажланыўына Бурынғы Аўқам дәўириндеги халықлардың мәденияты күнлери өзиниң унамлы тәсирин тийгизди. С.Камалов мийнетинде бул мәдeният күнлериниң әҳимийетине өз алдына итибар берилди. "1957-жылы Ташкентте Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосының декадасы болып өтти. Декада қарақалпақ халқының туўысқан өзбек халқы менен мәдений байланысының айқын бир түри болып табылады. Совет Өзбекстаны пайтахтының мийнеткешлери өз туўысқанларының искусствосын үлкен сүйиўшилик пенен көзден өткерди. Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының Ташкенттеги декадасы өзбек халқы менен қарақалпақ халқы дослығының анық түрдеги демонстрациясы болды" [Камалов, 1961. – 46]. Сондай-ақ, "1959-жылы февраль айында Москвада өзбек әдебияты ҳәм искусствосының декадасы болды. Оған қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосы ўәкиллери де қатнасты. Декада бастан аяғына дейин халықлар дослығының ураны астында өтти" [Камалов, 1961. – 51]. Бунда қарақалпақ ҳәм өзбек халықлары арасындағы туўысқанлық ҳәм дослық байланысларының бул дәўирде де өзине тән формада даўам еткенлигиниң бир мысалы сыпатында қарасақ болады.

Жуўмақлап айтқанда, академик Сабыр Камалов мийнетлери тарийх илиминиң барлық бағдарлары бойынша тарийхшы илимпазларға жол көрсетиўши маяк сыяқлы туўры жолға бағдарлап бармақта. Сол сыяқлы халықлар дослығы ҳәм миллетлер аралық қатнасықлар тарийхы академик мийнетлеринде халықлардың саўда-экономикалық, сиясий ҳәм мәдений байланыслары тәсири терең анализленип, оның халықлардың тарийхый туўысқанлық қатнасларын раўажландырғанлығы илимий тийкарлап бериледи.

ӘДЕБИЯТЛАР

1.Мирзиёев Ш.М. Халқимизнинг розилиги бизнинг фаолиятимизга берилган энг олий баҳодир. – Тошкент: «Ўзбекистон» НМИУ, 2018. 264-б.
2.Камалов С.К. Хорезм оазиси халықларының дослығы ҳаққында. Н., 1961. 8 б.
3.Камалов С., Уббиниязов Ж., Кощанов А. Из истории взаимоотношений каракалпаков с другими народами Средней Азии и Казахстана в XVII – начале XX вв. – Т., 1988.
4.Камалов С. XVIII әсирдеги қарақалпақ-рус қатнасықлары. Н., 1966. 11-бет.
5.Камалов С.К.Бамбери қарақалпақлар туўралы. – Нөкис.,1995. 8-б.
6.Камалов С. Хорезм оазиси халықларының дослығы ҳаққында. – Н., 1961. 46-бет.
7.Камалов С. Хорезм оазиси халықларының дослығы ҳаққында. – Н., 1961. 51-бет.